

teken kinarya panuntun labet datan nyumerapi gumelare kawontenan, ingkang putra kekalih nenggih Niken Soka lan Prapada, nandhang ngengleng sing siji lokak, duwe abdi jenenge Nini Thowok, ora mbejaji wujute nanging ugi dhegleng ora waras, saking katebihan rerepeh-rerepeh paraptaning sang Sang Sudamala kadherekaken sanggya repat punakawan.

Gending udar dan terus suwuk, kemudian sulukan Sendhon, terus dialog.

Soka: *Suaranya tidak jelas*

Pdpa: *Suara juga tidak jelas*

Ntwk: *Suara tidak jelas.*

Ptrk: Kuwi jane, angger kuwi ketok neng ngarepan, aja dientuke mlebu ta Gong.

Bngg: Ha sing mlebu malah dhapurmu ngono.

Soka: *Suaranya tidak jelas*

Pdpa: Saben dina mung ngalamun

Ntwk: Kandhani ora tegas, dikandani ganjil-ganjil, ganjil ki ora genep, ganjil genep ngetung seket-seket.

Soka: *Suaranya tidak jelas*

Pdpa: Caritane

Ptrk: (bersenandung).

Ntwk: Oeoe.

Ptrk: O Anis , o iki sing radok semok lemu ki Anis iki, wong semene kok edan kabeh.

Tbpt: Iki suarane uwong

Pdpa: *Bicaranya tidak jelas*

Smar: E ayo didu, mumpung bibirku, e arep dicipok malah angop, e ababe ora enak.

Tbpt: Ngapa ki

Smar: E mbah niki ndhereke wong pinter, niki sang Sudamala asmanipun.

Ptrk: Inggih mbah

Tbpt: E Sudamala

Ptrk: Inggih

Bngg: O mbah Iman ki, piteye ki ambune kaya ngene, mambu.

Ptrk: Rasah dirogohi, wong.

Sdwa: Kyai Semar.

Smar: E kula enggal mang makarti kemawon.

Gending Sampak terus suwuk, terus Pocapan.

Sedhakep suku juga nutupi babahan hawa sanga sang Sadewa inggih sang Sudamala, meminta panguwasane Dzat kang murbeng Jagat, katarima pamintane minggat bregejel ingkang mapan ing Perang Alas.

Gending Sampak. Para setan yang mesrasuki tubuh Tambrapeta dan dua putrinya serta abadinya segera keluar dari tubuh mereka. Gending suwuk terus dialog lgi.

Tbpt: Aduh penjenengan menika sang Sudamala

Sdwa: Inggih penemban

Tbpt: La kula samengke saget nyumurupi gumelare kahanan

Soka: Bapa aku kok ora eling apa-apa mau

Pdpa: Iya bapa saiki awaku kok entheng kaya ngene

Tbpt: Anakku ndhuk Soka lan Pradapa ngaturna penuwun marang sang Sudamala.

Soka: Ngaturaken penuwun.

Pdpa: Kula ngaturaken panuwun.

Sdwa: Iya--iya tiba sepadha-padha.

Smar: Nek bocah sing gaweane oa aoe, aoae niki pun kula openane mawon ketoke kowe le mesakake uripe e pancen wong kaya ngene ki jodhone ya karo wong cendhek nyemplek ngene iki, niku jodho.

Grng: A bapak ki entuk-entukan.

Ptrk: Asmane sinten dhik

Smar: E kok dhik ki piye, iki calon garwaku.

Ntwk: Nami kula Nini Thowok kula menika abdinipun penemban Tambrapeta ing pertapan Prang Alas ngriki.

Ptrk: O pak pak

Smar: Eh

Ptrk: Engko tak kandhake Simbok lo

Smar: Bacok kowe

Tbpt: Raden penjenengan sejatosipun sinten.

Sdwa: Aku wuragile Pandawa Sadewa ya Bambang Sudamala.

Tbpt: Aduh kula aturaken yoga kula kekalih kula aturaken paduka.

Gending Sampak langsunguwuk terus dialog.

Sdwa: Hya nadya aku ora nyuwun apa-apa luwih saiki malah kesait, bok pasrahi anakmu loro Endang Soka lan Pradapa yoh tak boyonge penemban, mung wae ya mung salah siji sing dadi garwaku, sing siji bakal digarwa sedulurku apa mbok keparengake sedulur ingkeng kembar klawan aku.

Tbpt: O inggih kula ndherek sumangga kemawon niki ujud bekti kula tarimah kula dateng ndika raden.

Gending Sampak , kedua Endang tersebut oleh Sadewa diboyong ke Ngamarta. Di tempat lain, Nakula bertemu dengan Kalika. Gending suwuk terus dialog.

Klka: Raden penjenengan kepiye raden bat tobat-tobaat penjenengan bisa angruwat gusti sesembahanku pukulun Sang Hyang betari Durga raden ayo gage aku pundhuten garwa ya raden.

Nklka: Lo lo kowe ki sapa.

Kalka: Paduka raden kok pitambah lo, aku setan Kalika raden.

Nkla: Lo lo

Klka: Paduka raden Sadewa

Nkla: Aku dudu Sadewa nanging aku sedulure kembar, aku Nakula.

Klka: Lo

Gending sampak gending Sampak, Kalika meninggalkan Nakula, gending terus suwuk.

Nkla: La yen ta pancen mengkokno banjur lelakon pa kang kasandhang dening adhiku Sadewa.

Gending Sampak, Nakula meninggalkan tempat itu. Di tempat lain Kunti bertemu Nakula, gending suwuk terus dialog.

Nkla: Aduh ibu

Knti: Iya-iya ngger anakku Nakula, pangrsane pun ibu kok ora eling apa-apa adhimu Sedewa kepiye.

Nkla: Lo kanjeng ibu kala wau nganti adhi kula yayi Sadewa, manjing wonten wana Krenda Wahana ngriki.

Knti: Aduh anakku kepiye.

Gending Sampak. Kunti dan Nakula meninggalkan tempat. Di Perjalanan mereka bertemu Sadewa. Gending suwuk terus dialog.

Knit: Anakku ngger

Sdwa: Aduh ibu

Knti: Anakku ngger Sadewa.

Peneliti

(Dra. Tatik Harpawati,M.Sn)

